

**KHUTBAH JUM'AT**

# **NYEGAH SUMEBARING**

## **HIV/AIDS**

**MUKHLISIN PURNOMO**  
(Penyuluh Agama Islam KUA WATES).



1 December, 2023

## NYEGAH SUMEBARING SESAKIT HIV/AIDS

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي شَرَعَ الْأَحْكَامَ فَبَيَّنَ الْحَلَالَ وَالْحَرَامَ، وَأَمَرَ بِالصَّالِحَاتِ وَنَهَى عَنِ  
الْأَثَامِ، وَشَرَفَ بِالْإِسْلَامِ أَوْلِيَ النَّهْيِ وَالْأَحْلَامِ، وَنَشَّهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا  
شَرِيكَ لَهُ حَرَّمَ الْفَوَاحِشَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَّنَ، وَنَشَّهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ،  
أَعْرَفَ خَلْقَهُ بِهِ وَأَتَقَاهُمْ لَهُ فِي السِّرِّ وَالْعَلَنِ، وَأَفْضَلَ دَاعٍ إِلَى مَكَارِمِ الْأَخْلَاقِ وَالْخُلُقِ  
الْحَسَنِ، صَلَّى اللَّهُ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَالتَّابِعِينَ هُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ  
الدِّينِ أَمَا بَعْدُ، فَيَا أَيُّهَا الْمُسْلِمُونَ اتَّقُوا اللَّهَ فَقَدْ فَازَ الْمُتَّقُونَ

### ***Jamaah jum'at ingkang minulnya***

Sumangga kawula dherekaken tansah ningkataken raos takwa dhumateng Allah SWT, ing sadhengah papan saha wekdal, nebihi sedaya awisanipun lan nuhoni sedaya dhawuhipun Pangeran.

Para sedherek, uningana bilih saben tanggal 1 Desember dipun pengeti minangka dinten AIDS sadonya. Pengetan punika wigatos kita engetaken supados kita nggadahi kawaspadan tumrapping sesakit ingkang nggegirisi punuka, lan enggal-enggal nggadahi kupiya kados pundi supados sekakit punika saged dipun tanggulangi lan boten tuwuh ngrembaka ing madyaning bebrayan agung. Para hukama dawuh:

الْوَقَايَةُ خَيْرٌ مِنَ الْعِلَاجِ

*"nyegah iku luwih apik tinimbang ngobati"*

Kementrian kesehatan mratelakaken bilih ing tahun 2023 menika kasus Human Immunodeficiency Virus ( HIV) ing Indonesia sangsaya mindhak. Wekdal menika wonten 526.841 tiyang ingkang sampun kataman sesakit HIV, saking jumlah kasebut 429. 251 tiyang sadar menawi piyambakipun sampun kataman HIV lan lintunipun 97.590 tiyang punika boten sadar menawi piyambakipun sampun katularan HIV.

Penyakit HIV dipun sebabaken dening virus HIV. Menawi boten enggal-enggal dipun obati, HIV saged kawontenan langkung nguwasaken lan tuwuh ngrembaka dados AIDS (Acquired Immune Deficiency Syndrome). HIV saged nular lumantar hubungan seks (saresmi), mawi jarum suntik, lan transfusi darah. HIV ugi saged nular saking ibu ingkang sampun kataman dhateng lare ingkang kinandhut, ugi nalika nglairaken lan nyusu. Virus HIV gampang sanget nular nalika tiyang sampun ketaman virus HIV nindakaken saresmi kaliyan tiyang sanes, punapa malih ingkang remen lampah sedheng gonta-ganti pasangan.

Ing samangke sesakit AIDS punika dados reribed ing donya. Ing pepanggihan puncak para Menteri Kesehatan sadonya, lan sasampunipun wonten pamawas bilih ancamaning sesakit AIDS tumramping penduduk donya sangsaya nggegirisi, mila kamawas perlu satunggaling program pancegahan sesakit ingkat saged damel oncating nyawa kasebat. Estunipun pamarintah sampun damel program lan kupiya kangge nanggulangi sumebaring sesakit kasebat, ananging kita kedah sadar bilih kupiya kasebat boten badhe ngasilaken menawi boten dipun sengkuyung dening sedaya masyarakat, nilai saking kaluwarga, sekolah lan Masyarakat.

Tetiganipun dening Ki Hadjar Dewantara sinebut Tri Pusat Pendidikan, inggih punika keluarga, sekolah, dan masyarakat, kedah cancut taliwanda, sareng menggalihaken kawontenan punika. Piwucalan wonten ing griya katindakaken dening tiyang sepuh kekalih saha sedaya anggota kulawarga ingkang wonten griya. Piwucalan wonten bebrayan agung katindakaken dening tokoh Masyarakat, saha lingkungan ingkang sae. Tugasipun guru para guru anggulaentah saha nggladhi para putra wonten ing piwucalan.

### ***Jamaah Jum'at Hafizhakumullah***

Tumrapping umat Islam ingkang taksih nyepengi paugerani syariat, mbok menawi dereng kepara randat anggenipun dandosi kawontenan punika. Korban AIDS ing madyaning masyarakat Islam kedah dipun cegah, kareksa lan tansah dipun gatosaken. Lingankung

tumraping generasi mudha taruna minangka pewaris pagesangan bangsa ing wekdal badhe dhateng.

Sayektosipun sesakit AIDS punika sesakit ingkang sumberipun saking perilaku seksual ingkang nalisir saking paugeran agami, mila salah satunggaling cara ingkang kedah katindakaken inggih punika kanthi perilaku seksual manungsa tumuju dhateng arah ingkang sehat, leres lan kanthi tanggel jawab. Allah dhawuh:

وَلَا تَقْرُبُوا الزَّيْنَىٰ إِنَّهُ كَانَ فَاحِشَةً وَسَاءَ سَبِيلًا (الإسراء : 32)

*"Lan sira kabeh aja pisan-pisan nyedhaki laku zina, satemene laku zina iku jember, lan dalam kang sak ala-alane dalam. (QS. Al-Isra:32)*

Al-Quran boten namung ngawisi zina kémawon, nanging maréntahaken manusa sampun ngantos celak-celak kaliyan lampah zina, kadosta nebihi samukawis ingkang sakinten saged anggèndèng ing tiyang dhumawah dhateng piawon wau. Maksud wontenipun dhawuh punika, minangka kanggé sarana ambrasta piawon ingkang saged angrisakaken sawarnining sasrawunganipun babrayan ingkang suci, inggih punika lampah zina. Al-Quran boten namung nyegah piawon kémawon, nanging inggih ugi nedahaken marginipun, ingkang manawi tiyang purun lumampah wonten ing ngriku mesthi saged nebihi piawon wau. Allah dhawuh:

قُلْ لِلْمُؤْمِنِينَ يَعْضُوا مِنْ أَبْصُرِهِمْ وَيَحْفَظُوا فُرُوجَهُمْ ۚ ذَٰلِكَ أَزْكَىٰ لَهُمْ ۗ إِنَّ اللَّهَ خَبِيرٌ بِمَا يَصْنَعُونَ

*"Dhawuha sira Muhammad rnarang wong-wong lanang kang iman: "Supaya padha ngeremna paningale (aja plirak-plirik) lan padha anjagaa farjine (kawirangane). Mangkono iku luwih becik utawa resik banget turn rap dheweke, dene Allah iku kang Waspada apa bae kang padha ditindakake". (QS.an-Nur:30)*

Ing ayat kasebat kita kadhawuhan supados jagi paningal lan babahan satunggal awujud farji. Babahan satunggal menika sanget langkung-langkung ageng fitnahipun. Kathah tiyang kajalomprong jalaran babahan satunggal menika. Mila tiyang ingkang purun lan saged njagi babahan satunggal menika Nabi njamin tiyang menika badhe mlebet swarga. Jagi Babahan hawa ingkang satunggal menika

yektos ageng sanget pigunanipun kangge lestarining gesanging manungsa. Kanthi babahan ingkang satunggal menika wiji manungsa dipun tanem sahingga bangsa manungsa saged lestari turun-tumurun manggen wonten ing bumi. Sumangga kita jagi supados babahan hawa qubul menika dados rahmat lan kanikmatan ingkang ageng. Caranipun inggih menika dipun jagi supados sumeleh ing papanipun ingkang leres lan ingkang halal. Inggih menika dhateng pasanganipun ingkang sah kemawon. Menika sakalangkung suci kangge kita para manungsa.

Allah sampun nandhesaken bilih tiyang ingkang badhe manggihi begja inggih tiyang jagi kawilujenganing raga lan rohani saking lampah sedheng. Nabi Muhammad ugi paring pepenget:

لَا تَزَالُ أُمَّتِي بِحَيْرٍ مَا لَمْ يَفْشُ فِيهِمْ وَلَدُ الرَّئَا فَاِذَا فَشَا فِيهِمْ وَلَدُ الرَّئَا فَيُوشِكُ أَنْ  
يَعُمَّهُمْ اللَّهُ عَزَّ وَجَلَّ بِعِقَابٍ

*"Umatku bakal tansah antuk kabecikan selagine ora ana anak zina ing dalem umat, tatkalane wus sumebar anak zina, mangka Allah SWT bakal ngratakake azab marang kaum iku." (HR. Ahmad).*

### **Jama'ah Jum'ah Rahimakumullah.**

Pramila, sumangga kita tansah njagi Babahan hawa ingkang satunggal menika. Kanthi njagi paningal lan farji menika tegesipun kita mboten namung ngestokaken dhawuhing Allah mawon, ananging kita ugi sampun kupiya ngreksa dhiri kita, kaluwarga, kahormatan kita saking lampah ingkang nistha. Tumujua dhateng pagesangan ingkang santosa, kinurmatan, binerkahan, linambaran ridhaning pangeran.

بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ وَنَفَعَنِي وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيهِ مِنَ الْآيَةِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيمِ  
وَتَقَبَّلَ اللَّهُ مِنِّي وَمِنْكُمْ تِلَاوَتَهُ إِنَّهُ هُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ وَاسْتَغْفِرُوا إِنَّهُ هُوَ الْعَفُورُ الرَّحِيمُ

## KHUTBAH II

الْحَمْدُ لِلَّهِ وَ الْحَمْدُ لِلَّهِ ثُمَّ الْحَمْدُ لِلَّهِ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ،  
وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ الَّذِي لَا نَبِيَّ بَعْدَهُ. اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى نَبِيِّنَا  
مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الْقِيَامَةِ أَمَّا بَعْدُ فَيَا أَيُّهَا  
النَّاسُ أَوْصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ فَقَدْ فَازَ الْمُتَّقُونَ. فَقَالَ اللَّهُ تَعَالَى: إِنَّ اللَّهَ  
وَمَلَائِكَتُهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ، يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا. اللَّهُمَّ  
صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ. اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ  
وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ، الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ. اللَّهُمَّ اذْفَعْ عَنَّا الْبَلَاءَ وَالْوَبَاءَ وَالْقُرُونَ  
وَالرَّزَالَزِلَ وَالْمِحْنَ وَسُوءَ الْفِتَنِ وَالْمِحْنَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَّنَ عَن بَلَدِنَا إِنْدُونِيسِيَا  
خَاصَّةً وَسَائِرِ الْبُلْدَانِ الْمُسْلِمِينَ عَامَّةً يَا رَبَّ الْعَالَمِينَ اللَّهُمَّ أَرِنَا الْحَقَّ حَقًّا وَارزُقْنَا  
اتِّبَاعَهُ وَأَرِنَا الْبَاطِلَ بَاطِلًا وَارزُقْنَا اجْتِنَابَهُ. رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً  
وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ. وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ عِبَادَ اللَّهِ، إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ  
وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَى عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ